**दिन–मंगलवार** **दिनांक–31.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु कहलनि अछि जे नालंदा विश्वविद्यालय के पुनरूद्धार भारतक ज्ञान परंपरा आ हमरा लोकनिक संकल्प शक्ति के प्रतीक अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु आइ विश्वविद्यालयक दोसर दीक्षांत समारोह के संबोधित करैत कहलनि जे नालंदा विश्वविद्यालयक पुनरूद्धार मात्र बिहार आ भारतक लेल नहि अछि अपितु पूरा विश्वक लेल बौद्धिक आ सास्कृतिक पुनर्जागरण के शुरूआत अछि। राष्ट्रपति कहलनि जे पूर्वी एशिया शिखर सम्मलेनक सदस्य देश सभक सहयोग सँ नालंदा विश्वविद्यालय के अंतर्राष्ट्रीय उत्कृष्टता के केन्द्रक रूप मे विकसित कयल गेल अछि जे विश्वक सभ देशक साझा मूल्य के प्रदर्शित करैत अछि। ओ विश्वविद्यालय के क्रियाकलाप मे स्थानीय समुदाय के जोड़बाक पहल के सराहना कयलनि। राष्ट्रपति कहलनि जे नालंदा विश्वविद्यालय वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि विकसित भारतक लक्ष्य के पूरा करबा मे अपन महत्वपूर्ण भूमिका निबाहत।

---

राष्ट्रपति समरोह मे एकतीस देश सभक छात्र लोकनिक मध्य डिग्री आ उपाधि के वितरण कयलनि। ओ विभिन्न संकाय के छत्तीस विद्यार्थी लोकनि के स्वर्ण पदक आ दस शोधार्थी लोकनि के पीएचडी के उपाधि प्रदान कयलनि। राष्ट्रपति विश्वविद्यालय परिसर मे दक्षिण–पूर्व एशियाई अध्ययन केन्द्र औपचारिक शुभारंभ सेहो कयलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बाईसम आसियान– भारत शिखर सम्मेलनक दरमियान एहि केन्द्र स्थापना के घोषणा कयने छलाह। एकर अलावे राष्ट्रपति मुर्मु दू हजार सीटक क्षमतावला विश्वविद्यालय सभागारक उद्घाटन कयलनि।

---

राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, विदेश मंत्री एस.जयशंकर राज्य सरकारक मंत्री श्रवण कुमार सहित कतेको गणमान्य लोकनि दीक्षांत समारोह के संबोधित कयलनि।

---

नालंदा जिलाक दीपनगर थाना क्षेत्रक मघडा शीतला मंदिर मे आइ पूजा–अर्चनाक दौरान भगदड मचि गेल। हमर संवाददाता जनौलनि जे भगदड मे आठ महिला श्रद्धालु लोकनिक मृत्यु भऽ गेलनि अछि। मृतक लोकनिक संख्या बढ़बाक आशंका अछि। हादसा मे कतेको श्रद्धालु घायल भऽ गेलाह अछि। घायल लोकनि के इलाजक लेल स्थानीय अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। चैत मास अंतिम मंगल हेबाक कारण मंदिर मे पूजाक लेल श्रद्धालु लोकनिक भारी भीड़ उमड़ल छल एहि दरमियान भ्रम पसरबा सँ भगदड मचि गेल। प्रशासन तत्काल मेला के बंद करा देलक अछि। घटना स्थल पर राहत आ बचाव काज जारी अछि।

————————————————————————

नालंदा के पुलिस अधीक्षक भारत सोनी जनौलनि जे मंदिर मे क्षमता सँ बेसी भीड़ जमा भऽ गेल छल, ओ कहलनि जे घुटन आ पानिक कमी के कारणे कतेको श्रद्धाजु बेहोश भऽकऽ खसि पड़लाह। एहि दरमियान अफरा–तफरी के कारण भीड़ अनियंत्रित भऽ गेल आ भगदड़ के स्थिति बनि गेल। नालंदा सँ जदयू सांसद कौशलेन्द्र कुमार कहलनि अछि जे एहि घटना सँ सभ मर्माहत अछि। ओ कहलनि जे व्रत मे रहबाक कारणे आ पानिक कमी के कारण ई घटना घटित भेल। जयदूक वरिष्ठ नेता आ संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे भगदड़ मे लोक सभक मृत्यु हृदय विदारक अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे मुख्यमंत्री एहि घटना के संज्ञान लेलनि अछि आ अधिकारी लोकनि के राहत काज तेजी सँ करबाक निर्देश देलनि अछि। ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे भगदड़ के घटना अत्यंत दुखद अछि। ओ कहलनि जे पीड़ित परिवार लोकनि के सभ संभव मददि कयल जा रहल अछि।

————————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपित सीपी राधाकृष्णन आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी घटना पर दुख व्यक्त कयलनि अछि। श्री मोदी सोशल मीडिया पोस्ट मे घटना मे मृतक लोकनिक परिजन के प्रति संवेदना व्यक्त करैत प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोष सँ दू–दू लाख टाका अनुग्रह राशि देल जायबाक घोषणा कयलनि अछि। ओतहि घायल लोकनि के पचास–पचास हजार टाका देल जायत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो घटना पर दुख व्यक्त कयलनि अछि। ओ मृतक लोकनिक आश्रित परिजन लोकनि के आपदा प्रबंधन विभाग सँ चारि–चारि लाख टाका तथा मुख्यमंत्री राहत कोष सँ दू–दू लाख टाका अनुग्रह राशि देल जयबाक घोषणा कयलनि अछि।

---

एम्हर, विपक्षी दल कांग्रेस घटनाक लेल सरकारक कुव्यवस्था के जिम्मेवार जनौलक अछि। कांग्रेस सांसद अखिलेश प्रसाद सिंह कहलनि जे प्रशासनक निष्क्रियता के कारण ई घटना भेल अछि।

---

पश्चिमी विक्षोभक सक्रियताक कारण राज्यक विभिन्न भाग सभ मे मौसम एक बेर पुनः बदलि गेल अछि। मौसम विभाग सुपौल, अररिया, किशनगंज, भभुआ, भोजपुर, बक्सर, मुंगेर आ बांका सहित प्रदेशक अठारह जिला मे आइ अन्हर–पानि आ ठनका खसबाक अलर्ट जारी कयल अछि। विभाग एहि दरमियान लोक सभ सँ सतर्क रहबाक अपील कयलक अछि।

---

आर्थिक अपराध इकाई आय सँ बेसी संपत्ति मामिला मे किशनगंज मे पदस्थापित एसडीपीओ गौतम कुमार के पूर्णियां स्थित आवास सहित कतेको ठेकाना सभ पर छापामारी कयलक। ईओयू के एक महिला अधिकारी जनौलनि जे फराक–फराक टीम शहरक विभिन्न स्थान सभ पर छापामारी कयलक।

---

जैन धर्मक चौबीसम तीर्थंकर महागवान महावीरक जयंती आइ मनाओल जा रहल अछि। ई पावनि करूण, संयम आ सत्य के व्रतक पालन करबाक संदेश दैत अछि। एहि अवसर पर भगवान महावीर सँ जुड़ल राज्यक प्रमुख स्थल नालंदा, वैशाली आ जमुई जिला मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

---

समाप्त